

Premye Vòl (Expository Text)



Orville ak Wilbur Wright

Konstwi machin ki kapab **vole** se te rèv Orville ak Wilbur Wright depilè papa yo te fin ba yo on ti jwèt elikoptè. Mesye sa yo se te de frè. Yo te genyen yon magazen bisiklèt nan Dayton. Apa repare, konstwi ak vann bisiklèt, yo te konn konstwi machin kite kapab vole tou. Yo te vole ak premye machin yo nan lane 1899. Sepandan van pat fò ase pou te kenbe machin nan an **mouvman**. Yo te oblije chwazi Kitty Hawk kise yon kote van te pi fò. Yo pat chwazi kote sa pou van sèlman, men tè sable a te bon pou **aterisaj** la.

Paske premye vòl frè Wright yo pat yon **revisit**, yo te rive aprann anpil bagay sou vòl. Nan lane 1900 yo te konstwi yon balanswa ki te genyen pi gwo zèl. Balanswa sa pat travay byen, men yo pat dekouraje. An 1902 yo konstwi yon lòt. An 1903 yo te konstwi premye avyon ak motè epi li te rele “The Wright Flyer.”

Jou kite 17 desanm 1903, de frè yo te prè pou yo teste avyon an. Yo te fè yon vòl ki te dire douz segond. Yo te fè pwogrè de

tanzantan. Vòl yo te vin dire plis tan. Tout swit aprè yo, anpil lòt moun vin eseye vole avyon.



Alberto Santos Dumont, yon Brezilyen, te yon envantè epitou yon **pilòt**. Nan lane 1906, li te konstwi premye avyon li devan yon odyans. Nan lane swivan, yon pilot Fransè, Henri Farman, **vwayaje** ak pasaje nan avyon pal la. Yo te vole pou yon minit ak katòz segond.



Anpil lòt avyon vin **popilè** akòz travay premye envantè yo. Nan lane 1909, yon pilòt Fransè travesè Kanal Anglè. Avyon sa te diferan ak pa Frè Wright yo. Li te sèlman genyen yon sèl zèl byen long. Li sanble anpil ak avyon jounen jodia. An 1920, anpil konpayi te ofri pasaje chans pou yo te vwayaje nan avyon. Lèzòm te rann posib sa k te parèt **enposib**. Yo te figure kòman pou yo vole.



Se konsa avyon te sanble an 1930

Non _____ Dat _____ Ane _____

Premye Vòl (Expository Text)

Koz	Efè
<i>Premyèman</i> Van pat fò ase.	Konsa Frè Wright yo te oblije chèche yon zòn kote van te pi fò.
<i>Aprè</i>	
<i>Epi</i>	
<i>Finalman</i>	

--	--

Kòman Frè Wright yo te rive ede moun vole?

Ekri yon paragraf ki rezime istwa.
